

Pwogram Otis Espesyalize nan Lekòl Leta Vil Nouyòk



Nest	Horizon	AIMS Akizisyon, Sèvis entegre, Bon jan kominikasyon, Ladrès sosyal (Acquisition, Integrated Services, Meaningful Communication, Social Skills, AIMS)
Pou plis enfòmasyon, tanpri gade Pwogram espesyalize Lekòl Leta Vil Nouyòk pou elèv ki gen andikap.		
Klas K-12yèm ane <ul style="list-style-type: none"> • Klas ICT ki pa gen anpil elèv (elèv ki gen oswa ki pa gen IEP) • 1 pwofesè edikasyon espesyal ak 1 yon pwofesè edikasyon jeneral k ap travay ansanm • Kourikoulòm nivo klas la avèk sipò apwopriye pou otis • Entèvansyon devlopman sosyal (Social Development Intervention, SDI) pou sipòte kominikasyon sosyal ak bati relasyon avèk kamarad ke yon terapi langaj ofri avèk sipò pwofesè salklas la. • Konsèy ak fòmasyon pou paran • Elèv gradye nan lekòl segondè nan 4 ane ak yon pousantaj gradyasyon 95% (pi wo pase mwayèn vil la) 	Klas K-12yèm ane <ul style="list-style-type: none"> • Klas edikasyon espesyal (pou sèlman elèv ki gen IEP; ti klas ki gen 8 elèv) • 1 pwofesè edikasyon espesyal ak 1 parapwofesyonèl • Kourikoulòm nivo klas la avèk sipò apwopriye pou otis • Kourikoulòm sosyal Horizon pou sipòte kominikasyon sosyal ak bati relasyon avèk kamarad ke yon terapi langaj ofri avèk sipò pwofesè ak parapwofesyonèl salklas la • Sipò ansèyman, sosyal-emosyonèl ak konpòtman pou elèv ki baze sou prensip Analiz konpòtman aplike (Applied Behavior Analysis, ABA) • Konsèy ak fòmasyon pou paran • Elèv gradye nan lekòl segondè nan 4 ane ak yon pousantaj gradyasyon 95% (pi wo pase mwayèn vil la) 	Pwogram debitan - Klas K-2 <ul style="list-style-type: none"> • Klas edikasyon espesyal (pou sèlman elèv ki gen IEP; ti klas ki gen 6 elèv) • 1 pwofesè edikasyon espesyal, yon terapi langaj ak 1 parapwofesyonèl • Aksè nan kourikoulòm nivo klas ak modifikasyon apwopriye, ladan ansèyman endividyèl ak ansèyman an tigwoup • Konsantrasyon sou devlopman langaj, kominikasyon fonksyonèl, aktivite lavi chak jou, pre-akademik, ak ladrès sosyal • Sipò pedagogik, sosyal-emosyonèl ak konpòtman atravè Analiz konpòtman aplike (Applied Behavior Analysis, ABA) ke yon moun ki sètifye nan analiz konpòtman (BCBA) ofri. • Konsèy ak fòmasyon pou paran • Elèv kite pwogram lan apre klas 2yèm ane • Apati ane lekòl 2024, pwogram lan disponib nan distri 15, 29, ak 75
Yo ka rekòmande terapi langaj, rekiperasyon, terapi fizik endividyèl, ak konsèy dapre bezwen yon timoun epi pou balanse l avèk sipò yo deja bay nan chak pwogram.		